

BAB I BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Basa Sunda nyaéta basa indungna urang Sunda, boh anu cicing di Jawa Barat boh di saluareunna. Jumlah panyaturna kawilang panglobana kadua sabada basa Jawa. Basa Sunda téh mangrupa salah sahiji basa daérah anu aya di Indonésia anu mekar ti mangsa ka mangsa.

Ti jaman ka jaman basa Sunda mibanda kalungguhan anu robah-robah dina kahirupan masarakat Sunda luyu jeung situasi jamanna. Dina jaman karajaan nepi ka taun 1600, basa Sunda mibanda kalungguhan minangka basa karajaan (Sudaryat, 2014:142). Basa Sunda dina jaman ieu iwal ti dipaké pikeun sarana komunikasi lisan, ogé dipaké pikeun komunikasi sacara tulisan. Dumasar kana data anu geus kapanggih, basa Sunda dipaké pikeun ngarekam ajaran kaagamaan jeung carita anu patali jeung sajarah dina wangun tulisan, boh nu ditulis dina prasasti boh anu ditulis dina naskah-naskah.

Dina jaman kolonial Walanda, basa Sunda mibanda kalungguhan minangka *basa pribumi*. Ieu hal téh dumasar kana Lambaran Nagara (*Staatsblad*) No. 125 Taun 1893, Ayat 6, ditetepkeun yén “basa pribumi anu diajarkeun di sakola nya éta basa pribumi anu dianggap pangberesihna, saperti keur sakola-sakola di Jawa Barat kudu basa Sunda Bandung” (Sudaryat, 2013:1). Sacara teu langsung, ayana éta katetepan téh nampik anggapan anu kungsi disebutkeun ku Raffles (1817) ngeunaan kalungguhan basa Sunda. Raffles nyebutkeun yén basa Sunda téh mangrupa basa dialék anu dipaké pikeun sagala tujuan ku masarakat pagunungan anu basajan jeung teu nyangking atikan.

“... Ieu basa téh mangrupa basa anu umum di wewengkon kulon, jeung mungkin ogé mangrupa basa pangkolotna di ieu wewengkon. Mangrupa dialék basajan anu teu maneuh, anu dipaké pikeun sagala tujuan ku masarakat pagunungan anu basajan jeung teu nyangking atikan...(Raffles, 2008:251).”

Minangka basa daérah anu aya di Indonésia, basa Sunda ditangtayungan ku nagara. Ieu hal téh écés kaunggel dina UUD 1945, Bab XV, Penjelasan Pasal 36, anu nétélakeun yén “Di wewengkon-wewengkon anu mibanda basa sorangan, anu dipiara ku rayatna kalawan hadé-hadé (upamana basa Jawa, Sunda, Madura jeung sajabana), éta basa-basa téh bakal diajénan jeung dipiara ogé ku nagara”. Katompérnakeun, medal Perda Provinsi Jawa Barat Nomor 5 Tahun 2003 perkara *Pemeliharaan Bahasa, Sastra dan Aksara Daérah serta Petunjuk Pelaksanaannya*.

Dina kalungguhanna jadi basa daérah, saperti anu dicindekkeun ku Seminar Politik Bahasa Nasional taun 1975 di Jakarta, basa Sunda miboga pancén atawa fungsi jadi 1) Lambang kareueus masarakat Sunda, 2) Lambang jatidiri (idéntitas) masarakat Sunda, 3) Alat paguneman di lingkungan kulawarga jeung masarakat Sunda, 4) Pangdeudeul basa nasional, 5) Basa panganteur di sakola dasar (SD) di kelas-kelas munggaran pikeun ngalancarkeun pangajaran basa Indonésia jeung pangajaran lianna, sarta 6) Alat pamekar jeung pangdeudeul budaya Sunda (Halim Éd.,1980 dina Sudaryat, 2013:2).

Kalungguhan jeung fungsi basa Sunda téh ditandeskeun dina Kongrés Basa Sunda V taun 1988 di Cipayung, Bogor anu eusina nyoko kana tujuh hal, nyaéta 1) Basa Sunda miboga kalungguhan jadi basa daérah, 2) Basa Sunda miboga fungsi anu tangtu, 3) Basa Sunda jadi unsur budaya Sunda nu boga daya tur poténsi ngawewegkeun prbadi masarakat Jawa Barat dina ngukuhan katahaan nasional, 4) Basa Sunda bisa dipaké pakakas dina ngadeudeul pangwangunan Jawa Barat, 5) Basa Sunda ngeunteungkeun ajén-inajén budaya Sunda, 6) Basa Sunda miboga adegan anu angger bari tetep nampa pangaruh luar, jeung 7) Basa Sunda bakal leuwih mekar ku pangdeudeul rupining pihak.

Basa jeung budaya minangka hasil kréativitas masarakat Sunda mekar jeung ditangtukeun ku pamanggih anu aya dina masarakat Sundana sorangan, sarta rupa-rupa pangaruh kabudayaan asing. Ieu hal téh mangrupa balukar tina interaksi jeung komunikasi urang Sunda jeung bangsa séjén anu geus lila. Ku kituna, pangaruh-pengaruh kabudayaan asing kayaning Hindu, Islam, Mataram (Jawa) jeung budaya barat. Éta pangaruh-pengaruh anu asup téh tuluy diolah

dumasar kapribadian urang Sunda minangka alat pikeun mekarkeun budaya sorangan. Basa Sunda anu aya dina mangsa kiwari téh mangrupa hasil tina kamekaran ti mangsa ka mangsa, anu ditangtukeun ku kahirupan budi akal urang Sunda, anu dipangaruhan ku suasana tempat jeung waktu anu dialaman dina sajarah kahirupanna.

Basa Sunda minangka salah sahiji aspék budaya anu hirup di masarakat mibanda sipat anu dinamis. Basa téh ngawujud sakumaha dipaké ku panyaturna, ku kituna gumantung pisan kana faktor-faktor luar basa. Réana faktor anu mangaruhan kana dipakéna basa Sunda ngahasilkeun rupa-rupa ragam basa.

Ragam basa atawa variasi basa (*language variety*) ngacu kana wangun jeung jinis wacana sarta gaya basa anu dipaké dina waktu komunikasi (Sudaryat, 2014:25). Dina basa Sunda aya rupa-rupa ragam basa anu dipaké, di antarana ragam basa nurutkeun daérah dipakéna, nurutkeun atikan formal, nurutkeun sikep panyatur, nurutkeun warna makéna disawang tina jihat jejer omongan, médium atawa sarana, jeung sipat pasosokna. Iwal ti éta, aya ogé ragam basa nurutkeun waktu dipakéna, nyaéta ragam basa dialék témporal.

Dialék témporal dina basa Sunda ngacu kana basa Sunda buhun jeung basa Sunda kiwari. Basa Sunda buhun (klasik) nyaéta dialék témporal basa anu dianggap ngawakilan puncak kamekaran kabudayaan pamakéna atawa basa buhun anu miboga kasusastraan nu penting (Sudaryat, 2014:26). Basa Sunda buhun anu dimaksud nyaéta basa anu dipaké dina téks-téks buhun. Ieu basa téh iwal ti ditulis dina naskah anu bahanna daun lontar, gebang jeung daluang, ditulis ogé dina bahan batu, nyaéta prasasti jeung dina bahan tambaga anu disebut piagem.

Ngeunaan waktu dipakéna basa Sunda buhun, ngarujuk kana pamikiran Iskandarwassid (2003:156), anu nyebutkeun yén Basa Sunda buhun atawa basa Sunda kuno téh dipaké kurang leuwih ti abad ka-17 ka ditu (saméméh abad ka-17 M) anu tuluy mekar nepi ka jadi basa Sunda kiwari. Satuluyna Iskandarwassid ogé nétélakeun yén ayana basa Sunda buhun bisa dipastikeun dumasar kana ayana wacana tinulis ti mangsa harita, boh puisi (ugeran) boh prosa (lancaran), saperti anu kapanggih dina naskah-naskah.

Éta pamikiran téh saluyu jeung Wibisana spk. (2000 dina Sudaryat, 2014:143) anu nyebutkeun yén istilah basa Sunda kuno (buhun) nuduhkeun kaayaan hiji basa dina mangsa anu geus lila kalarung. Kondisi éta basa téh pakait jeung rupa-rupa tataran, nyaéta tataran fonologi, morfologi, sintaksis, jeung lésik. Basa Sunda buhun téh mangrupa basa anu dipaké ku urang Sunda mangsa baheula anu satuluyna mekar jadi basa Sunda anu dipikawanoh dina mangsa kiwari. Dumasar kana ulikan linguistik, basa Sunda buhun téh nyaéta dialék témporal anu dianggap ngawakilan kamekaran kabudayaan urang Sunda satru nyampak buktina yén kalawan maké éta basa geus dihasilkeun rupa-rupa karya sastra anu penting.

Sebutan basa Sunda kuno (buhun) téh awalna mah dipaké ku para panalungtik sajarah jeung kabudayaan sabada maranéhna bisa maca jeung medar téks buhun, boh anu aya dina prasasti atawa piagem, boh dina naskah-naskah buhun. Naskah-naskah éta téh ditulis dina média tulis jaman baheula, kayaning lontar, daun kalapa, daun kawung, atawa daun gebang. Sudaryat (2014:143) nandeskeun yén sebutan basa Sunda buhun téh dianggap pas jeung luyu, sanajan dina analisisna teu diuwuhan ku ulikan linguistik anu cukup. Ieu hal téh bisa dima'lum, lantaran anu diutamakeun ku para panalungtik téh nyaéta maca eusi anu dikandung dina téks pikeun dijadikeun sumber panalungtikan sajarah jeung kabudayaan mangsa.

Pangaweruh ngeunaan struktur basa Sunda buhun ngan saukur beunang tina titinggal tinulis. Sajauh ieu, usaha pikeun ngagali pangaweruh kabasaan tina téks Sunda buhun can réa dipilampah, padahal éta pangaweruh téh bisa méré jalan sangkan gampang dina maham téks anu maké basa Sunda buhun. Ku kituna, panalungtikan kana karya sastra anu maké basa Sunda buhun anu museur kana aspék linguistik, hususna struktur kalimahna téh diperlukeun pisan.

Ieu panalungtikan anu dijejeran “Kalimah Basa Sunda dina Téks Prosa Sunda Buhun Abad ka-16 (Ulikan Struktur jeung Semantis)” téh disusun minangka tarékah pikeun ngaguar téks Sunda buhun ngaliwatan ulikan linguistik. Iwal ti éta, ieu garapan téh boga maksud sangkan nambahan jeung nyarungsum hasil panalungtikan-panalungtikan basa Sunda buhun anu geus aya saméméhna,

sarta méré kontribusi kana kagiatan panalungtikan naskah-naskah buhun jeung kajembaran basa Sunda.

1.2 Rumusan Masalah

Ieu panalungtikan téh museur kana analisis struktur kalimah kalawan maké pamarekan struktural tagmémik. Pikeun nganalisis unsur tagmemna diperlukeun analisis papasingan wangun kalimah. Unsur tagmem anu dianalisis téh ngawengku kategori jeung fungsi anu gumulung dina struktur kalimah, jeung peran semantis dina kalimah salancar jeung tatali harti kalimah ngantet.

Dumasar kana watesan masalah dina ieu panalungtikan, dirumuskeun masalah ieu di handap:

- a. Kumaha wangun kalimah basa Sunda dina téks prosa Sunda buhun abad ka-16?
- b. Kumaha struktur kalimah basa Sunda dina téks prosa Sunda buhun abad ka-16?
- c. Kumaha peran semantis kalimah salancar jeung tatali harti antarklausa kalimah ngantét dina téks prosa Sunda buhun abad ka-16?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngaguar jeung ngadéskripsikeun struktur kalimah basa Sunda dina téks prosa Sunda buhun. Ari déskripsina ngawengku tilu hal, nyaéta:

- a. wangun kalimah basa Sunda dina téks prosa Sunda buhun abad ka-16;
- b. struktur kalimah basa Sunda dina téks prosa Sunda buhun abad ka-16;
- c. peran semantis kalimah salancar jeung tatali harti antarklausa kalimah ngantét dina téks prosa Sunda buhun abad ka-16.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan téh boga mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis dilaksanakeunna ieu panalungtikan nyaéta:

- a. Méré sumbangan pangaweruh kana sajarah kamekaran (linguistik historis) basa Sunda; jeung
- b. Méré informasi ngeunaan aspék sintaksis jeung semantis dina basa Sunda buhun.

1.4.2 Mangpaat Praktis

- a. Pikeun salah sahiji rujukan dina upaya narjamahkeun basa Sunda buhun anu leuwih wincik tina pamarekan sintaktik jeung semantik, hususna pikeun téks wangun prosa; jeung
- b. Minangka bahan upama aya panalungtikan séjén ngeunaan basa Sunda buhun dina waktu nu bakal datang.

1.5 Raraga Tulisan

Bab 1 Bubuka, eusina medar Kasang Tukang Panalungtikan, Watesan jeung Rumusan Masalah, Tujuan Panalungtikan, Mangpaat Panalungtikan, Wangenan Operasional, jeung Anggaran Dasar.

Bab 2 Tatapakan Tiori, eusina medar perkara tiori kalimah jeung papasinganana.

Bab 3 Méthode Panalungtikan, eusina medar perkara Sumber Data, Desain Panalungtikan, Méthode Panalungtikan, Instrumén Panalungtikan, Tehnik Ngumpulkeun Data, jeung Tehnik Analisis Data.

Bab 4 Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusina nataan korpus data, medar papasingan wangun kalimah basa Sunda buhun, adegan kalimah basa Sunda buhun jeung patali harti antar unsur kalimah, sarta pedaran tina hasil panalungtikan .

Bab 5 Kacindekan jeung Saran, eusina medar perkara Kacindekan jeung Saran.